

Règ Konduit Akseptab

Byenvini nan Bibliyotèk Piblik Philadelphia a. Objektif nou se asire pou tout moun fè yon bèle eksperyans lè y ap itilize Bibliyotèk la.

Tout moun gen dwa pou yo pwofite sèvis Bibliyotèk Piblik Philadelphia yo san yo pa plede ap deranje yo yon fason ki pa rezonab. Angajman nou anvè itilizatè yo ak anplwaye yo se bay bonjan kalite sèvis nan yon anviwònman kote moun respekte moun epi ki gen koutwazi, kreye yon atmosfè ki agreyab epi ki an sekirite, ki ankouraje moun aprann pandan tout lavi yo epi itilize moman detant yo yon fason kreyatif.

Règ Konpòtman ki Akseptab nou yo (Règ) ankouraje konpòtman k ap soutni misyon Bibliyotèk la ki se fè pwogrè nan lekti ak ekriti, oryante aprantisaj la, epi ankouraje kiryozite. Nou mande ou pou w bay kolaborasyon w pou kenbe yon anviwònman ki agreyab, yon fason pou bay tout moun opòtinite pou yo pwofite ak itilize enstalasyon Bibliyotèk yo. Selon desizyon Bibliyotèk la pran, moun ki pa respekte Règ sa yo, yo pral mande yo pou yo sispann epi pou yo pa frekante/oswa y ap mande yo pou yo kite espas la.

Li entèdi pou yon moun gen konpòtman k ap deranje lòt moun, sa pa sèlman gen ladan aktivite sa yo:

- Montre imaj ki chokan, ki pa sèlman gen ladan ekspozisyon byen klè materyèl seksyèl sou òdinatè, tablèt, oswa nan telefòn selilè. Anplwaye Bibliyotèk piblik la gen otorizasyon pou detèmine si yon itilizatè ap deranje lòt moun nan montre imaj ki chokan.
- Tafyatè oswa gen konpòtman moun ki sou.
- Fimen oswa itilize sigarèt elektwonik.
- Fè bri ki pa rezonab ki deranje lòt moun, sa pa sèlman gen ladan itilizasyon telefòn selilè. Yo ka itilize telefòn selilè yo an silans epi san yo pa deranje lòt moun.
- Soliste, mande, distribye oswa afiche dokiman, san otorizasyon davans Bibliyotèk la.
- Antre nan zòn ki pa pou piblik yo.
- Vandalize oswa vòlè materyèl oswa byen.
- Raze, benyen, oswa lave rad oswa cheve nan twalèt piblik yo.
- Konsome manje, eksepte nan okazyon yo apwouve oswa nan zòn ki deziyen pou sa yo. Yo otorize bwason ki nan vesò ki fèmen yo. Itilizatè yo ta dwe fè atansyon nan zòn ki gen òdinatè ak lòt ekipman elektwonik yo pou anpeche bwason koule sou yo.
- Pa mete soulye oswa chemiz.
- Ijyèn kòporèl oswa odè ki deranje lòt moun.
- Bloke oswa anpeche gen aksè nan pasaj enteryè oswa ekstèryè yo, nan antre yo, ak nan zòn piblik yo, fizikman oswa ak gwo objè.
- Kouche oswa dòmi nan Bibliyotèk la.
- Pa respekte lòt moun nan okipe espas ki pataje yo (pa egzanp, tab, chèz, sal reyinyon yo).

Li entèdi pou yon moun gen konpòtman ki danjere, k ap kraze brize, ki pa sèlman gen ladan aktivite sa yo:

- Vyolasyon nepòt lwa lokal, eta a, oswa federal.
- Montre zam.
- Fè abi fizik oswa fè atak sou lòt itilizatè oswa anplwaye yo.
- Patisipe nan akochay fizik tankou atak ak batay.
- Plede fawouche lòt itilizatè oswa anplwaye yo.
- Fè asèlman sou lòt itilizatè oswa anplwaye yo.

- Antre nan espas lòt moun pou pwovoke yo.
 - Patisipe nan yon zak seksyèl oswa ankouraje moun fè sa, sa pa sèlman gen ladan fè wè, kontak fizik fòse, manyen, karese, oswa jès, son oswa kòmantè ki baze sou sèks.
 - Itilize oswa distribye sibstans ki sou siveyans.
 - Abi vèbal oswa alekri sou lòt itilizatè oswa anplwaye (pa egzanp, langaj vilgè oswa remak ki blesan).
- *Yap mande itilizatè ki gen konpòtman sa yo, pou yo kite lokal Bibliyotèk la imedyatman. Mete sou sa, anplwaye Bibliyotèk yo ka rele lapolis. Yo ka koupe tout privilèj ki gen rapò ak Bibliyotèk la, selon gravite sitiyasyon an, dapre Règleman pou Mete moun Deyò nan Bibliyotèk la.

Fè atansyon

- Paran oswa moun k ap bay swen yo responsab sekirite ak konpòtman pitit yo.
- Yon paran oswa yon moun ki responsab dwe toujou ap siveye timoun ki poko gen 7 an yo.
- Tanpri kenbe bagay ou yo an sekirite. Bibliyotèk la pa responsab bagay ou yo.
- Se pwopriyetè kat bibliyotèk yo sèlman ki gen otorizasyon pou itilize kat la. Yo pa ka pataje kat ak zanmi oswa manm fanmi.

Itilizasyon Bibliyotèk la

- Yo prevwa pou itilizatè yo sèvi ak Bibliyotèk la, ansanm ak enstalasyon li yo, teren li yo, resous li yo ak materyèl li yo, yon fason ki responsab, ki apwopriye, ak yon fason ki montre respè.
- Yo pa otorize pou gen bète nan okenn kote nan Bibliyotèk la, sof si se yon bète yo itilize pou ede yon moun ki gen yon andikap jan Lwa Ameriken sou Andikap yo (American Disabilities Act, ADA) defini I la oswa nan kad yon pwogram Bibliyotèk la apwouve. Yo dwe verifye tout materyèl Bibliyotèk yo anvan yo soti nan bilding lan.
- Sak ak lòt materyèl ki difisil pou enspekte akòz kalite atik yo gen anndan yo, pa otorize pou antre nan bilding lan. Sak ki gwo anpil ak atik ki ta ka itilize pou kache byen Bibliyotèk yo dwe sibi yon enspeksyon.

BIBLIYOTÈK PUBLIK PHILADELPHIA**Règ Konduit Akseptab**

Li entèdi pou yon moun gen konpòtman k ap deranje lòt moun, sa pa sèlman gen ladan aktivite sa yo:

- Montre imaj ki chokan, ki pa sèlman gen ladan eksposizyon byen klè materyèl seksyèl sou òdinatè, tablèt, oswa nan telefòn selilè. Anplwaye Bibliyotèk publik la gen otorizasyon pou detèmine si yon itilizatè ap deranje lòt moun nan montre imaj ki chokan.
- Tafyatè oswa gen konpòtman moun ki sou.
- Fimen oswa itilize sigarèt elektwonik.
- Fè bri ki pa rezonab ki deranje lòt moun, sa pa sèlman gen ladan itilizasyon telefòn selilè. Yo ka itilize telefòn selilè yo an silans epi san yo pa deranje lòt moun.
- Solisite, mande, distribye oswa afiche dokiman, san otorizasyon davans Bibliyotèk la.
- Antre nan zòn ki pa pou piblik yo.
- Vandalize oswa vòlè materyèl oswa byen.
- Raze, benyen, oswa lave rad oswa cheve nan twalèt piblik yo.
- Konsome manje, eksepte nan okazyon yo apwouve oswa nan zòn ki deziyen pou sa yo. Yo otorize bwason ki nan vesò ki fèmen yo. Itilizatè yo ta dwe fè atansyon nan zòn ki gen òdinatè ak lòt ekipman elektwonik yo pou anpeche bwason koule sou yo.
- Pa mete soulye oswa chemiz.
- Ijyèn kòporèl oswa odè ki deranje lòt moun.
- Bloke oswa anpeche gen aksè nan pasaj enteryè oswa ekstèryè yo, nan antre yo, ak nan zòn piblik yo, fizikman oswa ak gwo objè.
- Kouche oswa dòmi nan Bibliyotèk la.
- Pa respekte lòt moun nan okipe espas ki pataje yo (pa egzanp, tab, chèz, sal reyinyon yo).

Li entèdi pou yon moun gen konpòtman ki danjere, k ap kraze brize, ki pa sèlman gen ladan aktivite sa yo:

- Vyolasyon nenpòt lwa lokal, eta a, oswa federal.
- Montre zam.
- Fè abi fizik oswa fè atak sou lòt itilizatè oswa anplwaye yo.
- Patisipe nan akochay fizik tankou atak ak batay.
- Plede fawouche lòt itilizatè oswa anplwaye yo.
- Fè asèlman sou lòt itilizatè oswa anplwaye yo.

- Antre nan espas lòt moun pou pwovoke yo.
 - Patisipe nan yon zak seksyèl oswa ankouraje moun fè sa, sa pa sèlman gen ladan fè wè, kontak fizik fòse, manyen, karese, oswa jès, son oswa kòmantè ki baze sou sèks.
 - Itilize oswa distribye sibstans ki sou siveyans.
 - Abi vèbal oswa alekri sou lòt itilizatè oswa anplwaye (pa egzanp, langaj vilgè oswa remak ki blesan).
- *Y ap mande itilizatè ki gen konpòtman sa yo, pou yo kite lokal Bibliyotèk la imedyatman. Mete sou sa, anplwaye Bibliyotèk yo ka rele lapolis. Yo ka koupe tout privilèj ki gen rapò ak Bibliyotèk la, selon gravite sitiyasyon an, dapre Règleman pou Mete moun Deyò nan Bibliyotèk la.

Fè atansyon

- Paran oswa moun k ap bay swen yo responsab sekirite ak konpòtman ptit yo.
- Yon paran oswa yon moun ki responsab dwe toujou ap siveye timoun ki pokò gen 7 an yo.
- Tanpri kenbe bagay ou yo an sekirite. Bibliyotèk la pa responsab bagay ou yo.
- Se pwopriyetè kat bibliyotèk yo sèlman ki gen otorizasyon pou itilize kat la. Yo pa ka pataje kat ak zanmi oswa manm fanmi.

Itilizasyon Bibliyotèk la

- Yo prevwa pou itilizatè yo sèvi ak Bibliyotèk la, ansanm ak enstalasyon li yo, teren li yo, resous li yo ak materyèl li yo, yon fason ki responsab, ki apwopriye, ak yon fason ki montre respè.
- Yo pa otorize pou gen bét nan okenn kote nan Bibliyotèk la, sof si se yon bét yo itilize pou ede yon moun ki gen yon andikap jan Lwa Ameriken sou Andikap yo (American Disabilities Act, ADA) defini I la oswa nan kad yon pwogram Bibliyotèk la apwouve. Yo dwe verifye tout materyèl Bibliyotèk yo anvan yo soti nan bïlding lan.
- Sak ak lòt materyèl ki difisil pou enspekte akòz kalite atik yo gen anndan yo, pa otorize pou antre nan bïlding lan. Sak ki gwo anpil ak atik ki ta ka itilize pou kache byen Bibliyotèk yo dwe sibi yon enspeksyon.